

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu sumber datana mangrupa kekecapan lisan, tulisan, atawa barang, anu ditalungtik kalayan gemet sangkan bisa nyangkem ma'na tina hal anu ditalungtik (Arikunto, 2016, kc. 22).

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 8) yén métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan sarta mangpaat anu tangtu. Ku kituna, dina ieu panalungtikan, data anu dibeunangkeun kudu ngarujuk dumasar kana métodena, sangkan hasil dina ieu panalungtikan luyu jeung kaayaan anu sabenerna.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Métode déskriptif analitik nyaéta ngadéskrripsikeun fakta-fakta anu tuluy dianalisis. Tujuan tina ieu métode nya éta pikeun ngadéskrripsikeun struktur ogé mikanyaho kana ajén atikan karakter nu aya dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M.

Tujuan tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskrripsikeun ajén atikan karakter jeung struktur carita nu aya dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dibarung ku métode déskriptif kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2016, kc. 3) yén métode déskriptif mangrupa métode panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, sarta hasilna ditulis dina wangun laporan.

Sangkan ieu panalungtikan leuwih babari ngalaksanakeunna diperlukeun desain panalungtikan. Desain panalungtikan mangrupa rarancang kagiatan panalungtikan nu bakal dilaksanakeun (Arikunto, 2016, kc. 90). Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Data

Data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh data anu maluruh kana struktur anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita jeung

Siti Nurhaliza, 2023

AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M. PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulukan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


ajén atikan karakter nurutkeun Kemendikbud anu ngawéngku réligius, jujur, toléransi, disiplin, kerja keras, kréatif, mandiri, démokratis, rasa ingin tahu, sumanget kabangsaan, cinta ka lemah cai, ngahargaan préstasi, bersahabat, cinta damai, resep maca, peduli lingkungan, peduli sosial, jeung tanggung jawab.

3.2.2 Sumber Data

Sumber data nyaéta subjék nu bisa dipaké pikeun nyangking data. Anapon sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M. Ieu novél téh dicitak munggaran dina taun 2007. Satuluyna anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyéta citakan kaduana, anu diterbitkeun PT. Kiblat Buku Utama dina taun 2019.

3.2.2.1 Idéntitas Novél *Dalingding Angin Janari*

Idéntitas novél *Dalingding Angin Janari* karya Usep Romli H.M. sakumaha ieu dihandap.



Gambar 3.1

Jilid Novél *Dalingding Angin Janari* Karya Usép Romli

- 1) Judul Buku : Dalingding Angin Janari
- 2) Pangarang : Usép Romli
- 3) Kandel : 68
- 4) Medal : citakan ka-1 taun 2007 jeung citakan ka-2 2019
- 5) Pamedal : PT Kiblat Buku Utama
- 6) Warna Jilid : Biru Dongker

Siti Nurhaliza, 2023

**AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M.
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulukan Struktural)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sinopsis

Dalingding angin janari karék liwat dina panineungan Fényy. Tacan namper dina lelembutanana. Tapi Néndah yakin, bakal aya parobahan. Isuk jaganing pagéto. Sanajan duka iraha.

Kullu man alaihan fanin, sakur nu kumelendang, taya nu langgeng di alam dunya.

Dalingding angin ti masjid ogé, moal saukur nebak saliwatan dina panineungan. Pasti hiji waktu bakal namper saendeng-endeng dina lelembutan. Dina galura kamarudahan Fényy isku pagéto. Atawa biheung iraha. Ukur Alloh nu Maha Uninga.

3.2.2.2 Pangarang

H. Usép Romli H.M. gumelar di Limbangan, Garut kaping 16 April 1949. Usép Romli H.M. lulus ti Sakola Pendidikan Guru tuluy jadi guru SD di Kadungora, Garut (1966-1983). Ajeunna ogé kungsi jadi koréspondén pikeun *Fusi* (1972), *Giwangkara* (1972-1976), *Pelita* (1977-1979), *Sipatahunan* (1979-1980). Diangkat jadi Kepala Subséksi Pendidikan Bahasa Daerah SD, Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat (1983). Anjeunna ménta eureun tina PNS, lantaran hayang sapinuhna ilubiung dina dunya kapangarangan jeung kawartawanan. Tuluy anjeunna jadi wartawan di *Pikiran Rakyat Bandung*.

Usép Romli H.M. kungsi ngajalankeun tugas jurnalistik ka sawatara patempatan nu harénghéng ku perang. Kayaning Irak, Paléstina, Bosnia-Hérzégovina (1989-1994), jsb. Kaasup Acéh jaman DOM (1992) jeung Ambon katut sakuliah Maluku waktu uru-ara Islam-Kristen (2000). Kungsi deuih ngalanglang Éropa Barat, Éropa Timur jeung nagara-nagara nu kungsi jadi puseur kajayaan umat Islam, saperti Afrika Kalér, Spanyol, India, Turki, Mesir, Yaman, Iran, Asia Tengah, jsb.

Usép Romli H.M. minangka tokoh anu kuat pisan kana agamana, ku kituna éta hal téh dijadikeun modal pikeun nulis karya-karya sastra. Diantarana *Ceurik Santri* (kumpulan carpon), *Jiad Ajengan* (kumpulan carpon). *Paguneman jeung Fir'aon* (kumpulan carpon), *Dulag Nalaktak* (kumpulan humor), *Oray Bedul Macok Mang Konod* (kumpulan humor), *Percikan Hikmah* (anékdote

Siti Nurhaliza, 2023

AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M. PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulukan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sufistik), *Zionis Israel di balik Serangan AS ke Irak* (analisa), *Béntang Pasantrén* (novél), *Dalingding Angin Janari* (novél), *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* (kumpulan carpon), *Sapeuting di Cipawening* (kumpulan carpon).

Penghargaan-penghargaan di antarana Hadiah Sastra Manglé (1977), Hadiah Sastra LBSS (1955), pikeun puisi, Hadiah Sastra LBSS (2007) pikeun carpon, Hadiah Sastra Rancagé (2010) pikeun buku kumpulan carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung*, Hadiah Sastra Rancagé pikeun jasa di dunya sastra Sunda, Garut Award (2010) penghargaan aktivitas seni budaya, sarta anugerah Budaya Pemprov Jabar kategori Sni Sastra (2012).

Usép Romli H.M ogé icikibung dina organisasi kamasarakatan, anjeunna jadi anggota pengurus Déwan masjid indonesia (DMI) Jawa Barat, panaséhat Lajnah Ta'lifwan Nasr PWNU Jabar, Ketua MUI Kec. Cibiuk, Garut, sarta pangaping ibadah haji-umroh di Biro perjalanan Haji Umroh "Megacitra" jeung KBIH "Mega Arafah" Bandung.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data aya sababaraha hal anu digunakeun nyéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data miboga udagan pikeun meunangkeun data anu bisa dijelaskeun atawa ngajawab patalékan panalungtik anu silih pakait kalayan objéktif. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka jeung studi analisis data. Studi pustaka digunakeun pikeun néangan data nu aya patalina jeung pangaweruh ngeunaan ajén atikan karakter jeung struktur, sedengken studi analisis data digunakeun pikeun milah jeung milih data nu kapanggih dina sumber data panalungtikan, nyaéta novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M.

Anapon léngkah-léngkah ngumpulkeun data di antarana:

- a. maca novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M;
- b. nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktur carita jeung ajén atikan karakter;
- c. nyalin kana kartu data.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Ngolah data mangrupa proses anu ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan-aturan nu saluyu jeung pamarekan panalungtikan atawa desain panalungtikan (Arikunto, 2016, kc. 281). Dina ieu panalungtikan téhnik anu dipaké nyaéta téhnik analisis data struktur jeung ajén atikan karakter nu aya dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M. Anu dianalisisna tina segi ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis jeung nafsirkeun data.

Anapon ari léngkah-léngkah ngolah data di antarana:

- a. mariksa deui data nu geus dikumpulkeun;
- b. nganalisis data nu geus dikumpulkeun; jeung
- c. ngadéskripsikeun, nafsirkeun, jeung nyindekkeun data nu geus dipilih.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta hiji alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu ngarojong kana prosés panalungtikan sangkan hasilna lengkep kalayan sistemis (Arikunto, 2016, kc. 203).

3.4.1 Instrumen Ngumpulkeun Data

Tabél data mangrupa instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli. Sakumaha dumasar tabél.

1) Tabél Data Struktural

Tabél 3.1

Téma

No	Téma	Cutatan	Kode Data (DAJ/KC/P)

Tabél 3.2
Fakta Carita

No	Fakta Carita	Cutatan	Kode Data (DAJ/KC/P)

Tabél 3.3
Sarana Carita

No	Sarana Carita	Cutatan	Kode Data (DAJ/KC/P)

2) Kartu Data Ajén Atikan Karakter

Tabél 3.4
Ajén Atikan Karakter

No	Ajén Atikan Karakter	Cutatan	Kode Data (DAJ/KC/P)

Katerangan

DAJ = *Dalingding Angin Janari*

KC = Kaca

P = Paragraf

3.4.2 Instrumen Ngolah Data

Kartu data mangrupa instrumén au digunakeun pikeun ngolah data nu geus aya dina novél *Dalingding Angin Janari* karya Usép Romli H.M. Sakumaha dumasar kartu data.

Siti Nurhaliza, 2023

AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DALINGDING ANGIN JANARI KARYA USÉP ROMLI H.M. PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI SMA (Ulukan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Kartu Data Struktural

Tabél 3.5
Kartu Data Téma

Kode data	: DAJ/KC/P
Téma	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.6
Kartu Data Fakta Carita

Kode data	: DAJ/KC/P
Fakta Carita	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.7
Kartu Data Sarana Carita

Kode data	: DAJ/KC/P
Sarana Carita	:
Cutatan	:
Analisis	:

2) Kartu Data Ajén Atikan Karakter

Tabél 3.8
Kartu Data Ajén Atikan Karakter

Kode Data	: DAJ/KC/P
Ajén Atikan Karakter	:
Cutatan	:
Analisis	:

Keterangan :

DAJ : *Dalingding Angin Janari*

KC : Kaca

P : Paragraf